MITRANING

AMONG TANI.

DJILID VII.



W. D Stelling del. P. Tang ph.

MITRANING AMONG TANI.

DJILID VII.

(ASMARANDANA).

Taněman ngloewihi djalmi, goue doewe panarima, mring wong eman ing ḍeweke, jen bětjik gone roeměksa, lěmah den poelasara, tikěl poeloehan ping atoes, mědjaneni kabětjikan.

Kětjap ing kantor tjitak kangdjěng
Goepěrněmen ing Batavia.
1893.

LAMPAH SĔBAR.

ASMARANDANA.

1. Ing tyas dahat brongta doepi, meksi babaring tjarita, nawoeng wasita kinahot, pinardaweng basa Soeṇḍa, jeka anggitanira, Hoofdpangoeloe pradjeng Garoet, dyan Chadji Moechamad Moesa.
2. Satoehoe jen maedahi, ing atase bongsa Djawa, kang paḍa kasĕngsĕm tanen, rosing soerasa pratela, bab panjĕbaring gabah, panandoering widji pantoen, mrih sirnaning sambekala.
3. Koedoe tlaten ngolah boemi, jwa tleḍor pandjaganira, dĕrapon toeloes mĕtoene, poenika djalaranira, tjoekoel grahitaning tyas, ponang tjarita sinawoeng, matjapat ing tĕmboeng Djawa.
4. Mrih pra tani bongsa Djawi, jwa api tamboeh ing drija, winoersita boeboekane, wontĕn pandjĕnĕnganira, sadjoega nireng pradja, agoeng denja ngĕmoe gijoeh, mangkana daroenanira.
5. Poetra poetri moeng sawidji, ginaḍang krama nalendra, roemadja poetri wantjine, noedjoe ing ari sadjoega, amĕngamĕng lan ĕmban, ingrikoe sang dyah andoeloe, kalĕṇḍong mesi ḍaharan.
6. Ḍaharan arsa binoekti, rinogoh ginĕgĕm noelya, winĕdalakĕn astane, nanging dinoeḍoet tan kĕna, sang dyah andjrit karoena, asambat rama lan iboe, parabdi bingoeng poejĕngan.
7. Koningan ing rama wibi, dinangoe nalar-nalarnja, woesing katoer sadajane, dadoskĕn pangoengoening tyas, sang nata lotjitanja, paran pratikĕlirekoe, sirnane ponang sĕngkala.
8. Jen ginĕtjĕk klĕṇṭong iki, bĕnĕr sakala kewala, bisa sah saka

tangane, ananging anandang brana, dadi moeng liroe lara, loewar tan sah tembowngipoen, anggoeng roemakĕt roebeda.

9. Katjatoer sang nata kongsi, sadintĕn sadaloe tanpa, dahar atanapi sare, ngoepadi boedi kang mongka, pambirating soengkawa, nanging tjabar tan tinĕmoe, narendra emĕng ing drija.

10. Wimboeh ri sang prameswari, tansah mĕnggah tĕbah djadja, djindjang lir roedjit djantoenge, karoena amĕlasarsa, bela soengkaweng poetra, sang praboe saja margijoeh, kambah kamboeh ing babaja.

11. Baja woes djamaking djanmi, jen kataman sangsararda, laloe kalimpoet nalare, kalingan oewasing drija, nir tyase kang pranawa, jata waoe sang apraboe, sangking soempĕking wardaja.

12. Mios angoendangi dasih, mangkana kang pangandika, he sakehe wadyaning ngong, gĕde tjilik anom toewa, sapasapa kang bisa, mitoeloengi loewaripoen, soetengsoen saka sangsara.

13. Waloeja lir wingi ngoeni, moenggoeh ing ngoebajaning wang, toemoelyeng soen dahoepake, mongka toewasing kangelan, apa dene soen gandjar, pradja saparo ngong djoendjoeng, djoemĕnĕng radja taroena.

14. Dyan kondoer sang nata doepi, kang oendang woes kabyawara, para doekoen katjarios, andoeloer malĕbeng poera, mawarna koemoenahnja, drapon mrih waloejanipoen, datĕng sang koesoema rara.

15. Ana kang nimboel noembali, radjah djimat warna-warna, myang matĕk palamporane, ana matĕk djapa montra, nanging tjabar tan daja, sotaning galih sang praboe, sida tibaning babaja.

16. Lĕnglĕng lingloeng laloe lilih, moepoes papandoning soeksma, mangkana kang katjarios, wontĕn sadjoega djadjaka, prapta saking lyan pradja, waskita liding pakewoeh, tyas njenggar doek ngroengoe warta.

17. Sĕngkalane sang soepoetri, anoelya malĕbeng poera, andjoedjoeg byantareng katong, dĕkoe wotsari atoernja, doeh

sang praboe kawoela, kang sagah njahosi toeloeng, poetra padoeka sang rĕtna.

18. Dene srananipoen goesti, moehoeng amba rilanana, kapanggih lawan sang sinom, wontĕn ing nglĕbĕt soejasa, sampoen amawa rowang, nata parĕng gya dadawoeh, para abdi kinon mĕdal.

19. Woes sami neng djawi nganti, waloejane goestinira, kang neng soejaja katjrios, ki doekoen matoer ing sang dyah, goesti astanta garna, sang rĕtna sigra mitoeroet, dipoen garkĕn astanira.

20. Poenang daharan anoeli, oewal sang dyah sanalika, radi asrĕp ing galihe, oematoer malih ki djaka, adoeh goesti astanta, ing mangke padoeka doedoet, sang koesoema mestoe sabda.

21. Astane dinoedoet noeli, walnja tanpa kara-kara, sang ajoe tyase tjoemĕplong,. ki djaka lan sang koesoema, tandya karongron mĕdal, doepi katoepikseng praboe, karja lĕdjaring wardaja.

22. Para abdi kang anganti, waloejaning goestinira, kawistara soeka tyase, byar tangan soerak woerahan, tan antara kapyarsa, oengĕling mrijĕm goemoentoer, baroeng oeniniug pradongga.

23. Karja gambira kang myarsi, jeka kang minongka tonda, sirnaning soengkawa katong, mandar sang sri nara nata, arsaja toemaroena, prabawane soemarawoeng, martani djanma sapradja.

24. Sri pamasa anĕtĕpi, sabda kang woes kabyawara, ki djaka dinahoepake, lan sang moestikaning kĕnja, agoeng kang pamiwaha, lir adat tjaraning ratoe, saha kinoelawisoeda.

25. Mandiri narpa taroeni, kawĕnangakĕn misesa, tlatahing pradja saparo, winĕnangakĕn djor poera, praboe nom sanalika, berag ambarek dinoeloe, soemoenoe soenaring tjahja.

26. Tjinatoer alami-lami, doengkap sedaning nalendra, loemoeloes kawibawane, praboe nom djoemĕnĕng nata, titi kang pangrantjana, kanang roewija tinoetoer, moenggoeh ing soerasanira.

27. Toemrap sakehing soedjanmi, jen koerang titipariksa, nalar gampang dadi angel, lir kang woes kasĕboet ngarsa, anggoeng wajang-woejoengan, dene kabagyan satoehoe, djanma tan kĕna kinira.
28. Tamboeh sangkanira ngĕndi, mĕnawa sĕḍĕnge tĕka, pama soemanḍing anane, dene segĕring akrama, jekoe jen woes tinitah, djoḍo lĕta samoedragoeng, giri gĕng mĕsṭi kapanggya.

SINOM.

29. Gantjare dongeng sri nata, mangkya kang rinĕnggeng kawi, noedjoe ningkahakĕn poetra, paripoernaning pakarti, sang prija den agĕmi, makoeṭa roekma bra moeroeb, tinretes ing sosotya, kataman soroting rawi, tinon kadi lintang sasra mrih sasana.
30. Dyan mijosing masdjid sarja, ginarbĕg para pradjoerit, mantri boepati najaka, ngoeroeng-oeroeng kanan kering, midĕr-midĕr makongsi, kaping tri neng aloen-aloen, doepyarsa malbeng poera, kanḍĕg sadjabaning kori, makoeṭaning pangantyan soenḍoel gapoera.
31. Kĕgĕpok gawang wiwara, wira mantri mikir-mikir, kaja paran pratikĕlnja, panganten lĕboening poeri, ana sawidji mantri, darbyatoer ing djĕng sang praboe, kanang kori rinisak, tan parĕng sri nara pati, rehning boebrahakĕn wawangoenan poera.
32. Wontĕn sawĕneh poenggawa, moendjoek mĕnggah kang prajogi, panganten roetjat makoeṭa, poenikoe kang makewĕdi, sri nara nata oegi, dahat denja tan bijantoe, dinalih sangĕt wirang, sasat njorohakĕn isin, angowahi adat pranataning koena.
33. Djĕgrĕg djĕtoeng sri nalendra, tan antoek mĕnganing galih, sĕḍĕnge pra mantri wara, samya koḍĕnging pamikir, wali-wali binoedi, panganten widadanipoen, malĕboene mring poera, tetela datan pinanggih, lingsir koelon panganten maksih neng djaba.

34. Mangkana agnjeng pamasa, sakehe kawoela mami, soen plaloe kelangan arta, lan ngowahi adat kang wis, sing sapa bisa boedi, panganten mlĕbeng kaḍatoen, tan gawe kalingsĕman, ngroetjat makoeṭa pri toewin, boebrah lawang ingsoen paringi gandjaran.
35. Gandjaran sewoe ringgit mas. denja angandika sarwi, astane noedingi marang, radjoet ing ngampil parabdi, samoha kang mangeksi, arta mas kang moenggeng radjoet, njekĕt-njekĕt isinja, sadaja wadya goeng alit, koematjeloe tompa gandjaran sĕmat mas.
36. Nanging tjoewaning wardaja, denja tan bisa ngatoeri, ririgĕn moerih widada, panganten lĕboening poeri, marma katoengkoel sami, mandongong sadarpa gĕtoen, nahĕn kodĕnging wadya, noelya ana djanma prapti, njĕla-njĕla mijak minta dalan sigra.
37. Marĕki rĕkyana pạtya, sĕmoe mesĕm awotsari, matoer ḍoeh sang mantri moeka, kawoela ingkang kadoegi, njaranani soepadi, lĕboening panganten kakoeng, doematĕng dalĕm poera, sami sanalika toewin, tanpa ngrisak wiwara ngroetjat makoeṭa.
38. Ki patih soemamboeng sabda, soen takon mring sira kyahi, sagoehmoe bengkas doehkita, sangka apa kang sajĕkti, kang dinangoe toernjaris, sarwi goemoejoe anggoegoek, ki patih koningana, datan saking kĕḍang-kĕḍing, moehoeng sangking daja sababing montramba.
39. Montra waoe jen winatak, pigoenane anglangkoengi, sanalika sagĕd sirna, roebeda ribĕding boedi, karĕnan tyasing patih, myarsakĕn atoeranipoen, djanma kang nĕmbe prapta, doemrodjog ngarseng narpati, sri narendra aroem widjiling watjana.
40. Bĕdjaning soen tanpa pama, jen ṣira njata kadoegi, ḍanganake galih ing wang, ikoe ta ingsoen paringi, ḍoewit mas sewoe ringgit, kang liningan atoeripoen, sandika gya toemandang, panganten kalih kinanṭi, kakoeng kanan moenggeng kering poetrinira.
41. Kinon toemoengkoel sang prija, kang sarta dipoen

atoeri, radi mĕndak tindakira, saksana bangkit oemandjing, poera tan anglingsĕmi, lĕdjar galihnja sang praboe, ki noedjoem gya ginandjar, arta mas binĕkta moelih, pinanggoelan dening abdi poenakawan.

42. Moehoeng samantĕn kewala, ananging gita samangkin, liding dongeng tinarboeka, toemrap sakabehing djanmi, lamoen tjĕkak kang boedi, katoenan tĕmahanipoen, sanadyan nara nata tan pahe lawan djanma lit, pasti kapitoenan jen tan kanti nalar.

KINANTI.

43. Sirna pamboedine ajoe, pra tani kang nandoer pari, njĕbar widji tanpa doega, doepeh woes ngrasantoek hasil, ing Garoet sampoen kalampah, njĕbar widji tjara ngoeni.

44. Tjiptane moeng anggĕr oentoeng, tanpa petoeng boewang bibit, sawah sabaoe adatnja, widjine sapikoel kongsi, loewih samono kehira, jeka kang kawarteng kami.

45. Woes loemrah adat ing Garoet, sĕbarane den kĕrĕpi, lalahane sadasa sta, tri dasa gedeng kang widji, tan mardi bisane arang, tĕmahan sĕsĕg apipit.

46. Poenikoe datan rinĕmboeg, moeng karĕnan njĕbar bibit, apipit poepoet toemoempang, tinoempangan tĕmah gĕring, toekoela rone angarang, koeroe-koeroe saha koening.

47. Jekoe manawa dinaoet, adate tinanĕm asring, kalawasĕn gĕringira, tan bisa bandjoer ngalilir, nadyan nĕtĕpana mongsa, ananging kĕneng gagĕring.

48. Moenggoeh ingkang woes kalakoe, kang loeloes kalising gĕring, malah loewih koewatira, soeboer witnja tan brangkiwik, lan anake oega beda, akeh tan kambah ing gĕring.

49. Makatĕn widji poenikoe, ka-angin-anginkĕn dihin, kailĕs kinarja gabah, noeli kinoem tigang ratri, ing ĕntas bandjoer sinĕbar, lan malih kĕdah nastiti.

50. Ponang lalahan den etoeng, rinĕsikana kang rĕsik, bibit

sĕkati sĕtĕngah, kanggo satjĕngkal pasagi, anoeli kinoṭak-koṭak, djĕmbarira matang kaki.

51. Winih ing sawah sĕbaoe, tjoekoep patang poeloeh kati, ing sakaṭah-kaṭahira, kirang sangking sekĕt kati, pintĕn kewala katjeknja, doek roemijin satoes kati.

52. Ngantos doengkap kalih atoes, wontĕn saksinipoen malih, jekangsal-angsalanira, sabin kawoela pribadi, moeng kalih baoe wijarnja, manawi dipoen tanĕmi.

53. Saene mongsa pinoedjoe, langkoeng djawah kirang angin, moeng satoes sawidak songga, jen mongsa pahilan olih, satoes kalih dasa songga, doepi pangoetjal ginanti.

54. Ngĕplĕki woelang ingajoen, kajĕkten datan nalingsir, manawi sae kang mongsa, dwi atoes sawidak sanggi, dene jen awon mangsanja, angsal kalih atoes sanggi.

55. Kanang sampoerna sawastoe, saderenge njĕbar widji, roemijin garapan kisma, mrih loeloeh oelĕting siti, jen roempoetira woes pĕdjah, noeli njĕbarakĕn widji.

56. Makatĕn ing sabĕn taoen, awit meh tikĕl kang asil, malah lijane kawoela, ewon-ewon tijang tani, makatĕn tjariosira, denja marsoedi mring baṭi.

57. Mila ingkang sampoen poetoes, tjara-tjaranireng tani, jogyane kanṭi pangrĕmbak, jen tatanen tanpa pikir, datan oeroes lan baṭinja, njĕbare widji woes sisip.

58. Mila keh bibit kang lampoes, wĕkasan nganggo njalini, beda lan kang kanṭi nalar, anoeting toeladan bĕtjik, anikĕl nĕkoek baṭinja, marĕgi mring anak rabi.

59. Nanging wontĕn kang kalakoe, sawĕnehing djanma tani, kasoesoe widji sinĕbar, katoempoek anandoer winih, tĕmahan dadi kĕmongsa, gya angoetjap mamojoki.

60. Pamatjoele doeroeng rampoeng, doewoerira ponang winih, nja-kaki kapara langkah, woes sĕdĕnge den daoeti, wit goenge enggal ngong djawab, jen makatĕn langkoeng gampil.

61. Margi kadangan kang matjoel, langkoeng kawandasa ari, mila jen bibit sinĕbar, doewoer asoeboer kapati, awit samantĕn laminja, poenika kang andjalari.

62. Pantjene matjoel roemoehoen, jen sampoen amboekak siti, gya ponang bibit sinĕbar, dadosnja sae sajĕkti, inggih makatĕn jogyanja, lĕrĕse dadya panarik.
63. Datan ana ingkang koekoeh, keh kodjah tan moepangati, lir waoe tjaritanira, panganten prija lan poetri, moeng karja soesah kewala, tan bangkit midjilkĕn boedi.

MIDJIL.

64. Sinardawa ing sĕkar pamidjil, pangoetjap mamojok, pandaoete kang bibit sakehe, roewĕt pĕdot ojodira sami, koela bab poeniki, mangsoeli pamoewoes.
65. Pĕdoting ojod sababnja saking, tan mitoeroet tjonto, njĕbar kĕrĕp toewin lalahane, ingĕsatkĕn lĕmahe gya garing, tan ngĕlĕban warih, moela jen dinaoet.
66. Ojodira keh pĕdot sarehning, mĕntalit roewĕt wor, lan ojod-ojod kanan keringe, tĕmah koekoeh jajah den gendoli, tjoba noeta maring, woelang kang mrih ajoe.
67. Botĕn botĕnira jen nĕmahi, pĕdote kang ojod, dinaoetan agampil estoene, awit arang denja njĕbar widji, lalahan tan kongsi, kaĕsatan banjoe.
68. Wontĕn malih ingkang amojoki, gabah sanggon-ĕnggon, toempa-toempa koemambang sababe, katoet dening ombakireng warih, saja jen marĕngi, oedan angin agoeng.
69. Kabeh gabah ngloempoek dadi sidji, djawab koela gatok, inggih lĕrĕs makatĕn sarehne, gabah waoe tanpa kinoem warih, den koema manawi, garing malih tamtoe.
70. Tĕmah awon koemambang koementir, ngloempoek sanggonĕnggon, lah ta kadi poendi ing sĕmangke, poenapa kang tjinawadan malih, mangkyamba ngatoeri, saksi kang goematoek.
71. Nĕmbe mangke koela njoemĕrĕpi, ing distrik Tĕrogong, tiang meme gabah ingkang bade, kangge widji dinoenoengkĕn nglampit, ingkang andjalari, awon sabab atoes.
72. Moegi-moegi para mitra tani, mestoewa pitoedoh, ingkang

sampoen katon paedahe, parsoedinĕn kaṭahireng asil, sampoen ngantos toeni, poma dipoen emoet.

73 Wĕwahing djanma makĕṭi kĕṭi, paran lamoen ngantos, tan pinikir kang mongka sangoene, ingatase wong oerip poeniki, pari kang kinardi, sangoe oeripipoen.

74. Mangke radi soemĕla sakĕḍik, anggen koela tjrios, waktoe mangke kandjĕng Goeprĕnĕmen, adil saha prajitna ing wesṭi, tan memper sajèkti, lan djaman roemoehoen.

75. Lah maosa babad Madjapait, kaṭah djanma lajon, wit pinarag ing pagĕbloeg gĕḍe, botĕn pisan dinalih kang djampi, ingkang mitoeloengi, bengkas sakit waoe.

76. Sangoening oerip datan dinalih, myang sababe lajon, kampak begal beda lan samangke, mĕnggah ing djaman jakti woes salin, djĕng Goeprĕmen adil, ngoeroes sarta patoet.

77. Ngraksa marang sangsaraning abdi, djampi keh roemantos, kĕmpoet wrata ḍoesoen lan kampoenge, lakoe roesoeh ing mangke djinagi, he mitra kang boedi, awit samya madjoe.

78. Woes tan kaṭah riribĕḍing ati, tan lyan oeriping wong, nandoer pari poenika bakoene, angaraha bisa moenpangati, tan woes lami-lami, wĕwah anak poetoe.

79. Para mitra estoe jen ngengĕti, doek ngrong ringgit tanggon, pangaosing pari dwitoes geḍeng, salawe roepiah ing samangkin, nigang dasa kongsi. lamoen awis pantoen.

80. Lamoen pĕpĕt tan ana kang mikir, pakewoeh mangkono, akeh ingkang kaloewen tĕmahe, djanma wadjib ichtijar mrih hasil, ajwana ngarani, woes oedan kĕkoeḍoeng.

81. Anggen koela akarja panganggit, tan pisan ngatjĕmong, estoe saking manah sroe kogĕle, pamoedjwengsoen troesing lahir batin, adja larang pari, anak poetoe tjoekoep.

82. Nĕngna ingkang winĕḍarkĕn mangkin, sambekalaning wong, jekoe koerang engetan wastoene, poegoeh panggah tan noet woelang bĕtjik, oepamane pari, kĕneng ama ikoe.

83. Ama soendĕp poenikoe estoening, kasat mateng panon, sapintĕna gampil pambirate, wangsoel ama tjingkrangireng boedi, tan ka-eksi nanging gĕng piawonipoen.

84. Milanipoen den moengsoea wadjib, mrih njingkir kang adoh, sasmitekoe mangkana raose, dinaoepkĕn lawan woelang tani, praptaning samangkin, kali dasa taoen.
85. Lampah sĕbar tansah den titeni, kang sae myang awon, nanging tan wontĕn malih sanese, lir kang sampoen kasĕboet ingarsi, ing sabaoe sabin, kaoentoenganipoen.
86. Kalih dasa pikoel jeka doepi, pra tani toemonton, mring katahira kaoentoengane, ladjĕng kaprah sami anglampahi, njĕbar bibit kadi, piwoelang ingajoen.
87. Lan dinoegi tan bade mangsoeli, lir kang woes kalakon, kang tĕtela kĕdik kontoengane, saking salah denja njĕbar winih, beda lan samangkin, enteng pakarjekoe.
88. Toehoe enteng wah katah kang bati, nanging sawĕneh wong, wontĕn ingkang maksih poegoeh ngangge, datĕng adat tjaranipoen lami, lan tansah mojoki, keh pakewoehipoen.
89. Jen manoeta tjaranja samangkin, mĕnggah oetjaping wong, kang makatĕn tĕtela lĕpate, kabĕkta saking wangkoting pikir, lir dongeng ingarsi, tan poeroen toemoengkoel.
90. Kĕdah ngrisak wiwara tan boedi, srananing krahajon, myang lir poetri tan joen ngoewalake, daharan kang tĕrang andjalari, roebedaning ati, dahat wajang-woejoeng.
91. Milanira djĕng Goeprĕmen mangkin, karsa paring pandom, lir raosing woelang sadajane, moegi-moegi kang pandoman bangkit, anjirnakĕn maring, wangkotireng kalboe.
92. Soen poepoedji manoeta ing wangsit, djanma jwa tĕledor, garap sabin gĕnga pamĕdale, saha toeloes katahireng pari, jwa kongsi nĕmahi, mongsa pahilipoen.

DJARWANE

TĔMBOENG-TĔMBOENG KAWI, KANG KANGGO ING SADJRONE LAJANG IKI.

A.

adji = ratoe
age = enggal
agnjeng = pikire
agoeng = gĕde, bangĕt
ajoe = bĕtjik
ajwana = adja ana
akrama = tata
amba = abdi
amĕlasarsa = mĕmĕlas
anandang brana = kĕtaton
andoeloe = andĕlĕng
angoetjap = tjĕlatoe
antoek = oleh
arsa = arĕp
arsaja = boengah
atanapi = oetawa
atoes = garing
awotsari = njĕmbah

B.

babaja = bilai
babaring = wĕdaring
baja = mendah
bangkit = bisa
baroeng = barĕng
bengkas = ngilangake
binoedi = dipikir
byantareng = ngarĕpaning
boeboeka = kawitan

D.

dadya = dadi
dahat = bangĕt
dahoepake = ningkahake
daja = migoenani
darbya = doewe
daroenanira = djalarane
dasih = kawoela
datan = ora
dening = amarga
derapon = soepaja
dinoeloe = dinĕlĕng
dinoenoengkĕn = didekekake
dyah = poetri
djamaking = loemrahe
dyan = raden
djanmi = wong
djapa montra = donga

djĕmbarira = ambane
djĕtoeng = dĕlĕg-dĕlĕg
djindjang = goendjing
doeakita = sĕḍih
doengkap = tĕkan
doepi = barĕng
drija = ati
dwi = loro

E.

emĕng = ewoeh
enggar = boengah

G.

gijoeh = sĕḍih
ginarbĕg = di-iring-iring
giri = goenoeng
gya = enggal
grahitaning = angĕn-angĕning

J.

jajah = kaja
jeka = ja ikoe
jogyane = prajogane
jwa = adja

K.

kabagyan = kabĕgdjan
kabyawara = ka-oeṇḍangake
kalboe = ati
kalimpoet = kĕlalen
kambah kamboeh = katradjang
kami = akoe
kanan = tĕngĕn
kanang = ingkang
kanṭi = nganggo
kapanggya = katĕmoe
kapati = bangĕt
kapyarsa = karoengoe
karja = gawe
karoena = nangis
karoron = lorone
kasatmateng = kawroehan ing
kataman = kapandjingan
katoepikseng = kapriksa ing
katong = ratoe
kawibawane = kamoektene
kawistara = kĕtara
kĕnja = prawan
kering = kiwa
kewala = bae
kinahot = ngloewihi
kinardi = digawe
kinoelawisoeḍa = didjoendjoeng
kinon = dikon
kisma = lĕmah
koemoenahnja = hisarate
kongsi = nganti
koningan = kawĕroehan
karahajon = kaslamĕtan
krana = sĕbab

L.

lajon = mati
lamoen = jen

lampoes = mati
lĕdjaring = lĕganing
liding = piwoelanging, djalaraning
liningan = tjinĕlaṭon
loewar = oetjoel
lotjitanja = angĕn-angĕne.

M.

malĕbeng = malĕboe ing
mandar = malah
maṇḍiri = madĕg
mandjing = malĕboe
mangeksi = andĕlĕng
mangkya = sa-iki
mar = goemĕtĕr
marma = moelane
mawarna = roepa-roepa
mesi = isi
meksi = andĕlĕng
mestoe = nglakoni
minta = andjaloek
midjil = mĕtoe
moehoeng = moeng
moeka = ngarĕp
moenggeng = ana ing
mongka = minongka
mrih = moerih
mring = marang.

N.

nadyan = sĕnadjan
nahĕn = nĕngna
nalendra = radja
nara = wong lanang
narpa = ratoe
narpati = ratoe
nastiti = titi
nata = ratoe
nawoeng = nganggit
nĕmahi = nĕmoe
neng = ana ing
ngajoen = ngarĕp
ngarsi = ngarĕp
ngoebaja = djandji
ngoengoen = goemoen
ngoeni = bijen
ngoepadi = anggolek
ngoeroeng-oeroeng = dalan
ngong = akoe
ngroetjat = njopot
noedingi = ngĕtjoengi
nir = ilang
noedjoem = ḍoekoen
noelya = bandjoer

O.

oegĕring = paṭokaning
oemandjing = malĕboe

P.

pail = larang pangan
pakarti = gawe
pama = oepama
pamasa = ratoe
pambirating = panolaking
pamiwaha = pamantoe
pamoewoes = tjĕlaṭoe

pandjĕnĕnganja = ratoe
pangrantjana = pangrĕngga
panon = pandĕlĕng
papandoning = doedoekane
paran = kĕprije
paripoernaning = sampoernane
pasti = mĕsti
pĕngantyan = pĕnganten
pinardaweng = ditoelis ing
poenang = kang
poera = kĕdaton
praboe = ratoe
pradongga = gamĕlan
pradjeng = ing nĕgara
prameswari = garwaning ratoe
pranawa = padang
prapta = tĕka
pribadi = dewe
prija = lanang
pritoewin = oetawa

R.

rabi = bodjo
ratri = wĕngi
rawi = srĕngenge
rĕtna = poetri
rinantjana = rinĕngga
ris = aris = alon
roebeda = bilai
roekma = mas
roemoehoen = bijen
roemantos = disĕdijakake
roewija = tjarita
rone = godonge
rowang = kontja

S.

sabda = prentah, tjĕlatoe
sadarpa = bangĕt
sadjoega = sawidji
sah = oewal = sah
sajekti = satĕmĕne
sajĕmbara = pasanggiri
sakala = sa-kal
saksana = noeli
samangkin = sa-iki
sambekala = pakewoeh
samya = pada
samoedra = sĕgara
samoha = kabeh
sangsararda = sangsara banget
sarja = kĕlawan
sarwi = karo
sasana = ĕnggon
sasmitekoe = woewoelang ikoe
sasra = sewoe
satoehoe = satĕmĕne
sawastoe = tĕmĕnan
sĕdĕnge = donge
sĕmat = doewit
sĕngkala = bilai
sigra = enggal
sirnaning = ilanging
sisip = salah
soejasa = omah
soeka = boengah
soeksma = Allah
soemoenoe = mĕntjorong
soen = akoe

soengkawa = sĕḍih
soepaḍi = soepaja
soeteng soen = anak koe
sosotya = mamanik
sotaning = tjiptaning
sroe = bangĕt

T.

tamboeh = ĕmboeh
tan dya = toemoeli
tanggon = maṭok
tanpa = ora
tanpae = ora beda
tansah = kaṇḍĕg
tan sipi = bangĕt
taroena = nom
tinon = dinĕlĕng
tyas = ati
tjinawadan = diwadani
tjoekoel = mĕtoe, ṭoekoel
toemoelyengsoen = noeli akoe
toemonton = mĕroehi
tri = tĕloe

W.

wadya = kawoela
wah = lan
waloeja = mari
wajang-woejoengan = bing-oeng
wardaja = ati
warih = banjoe
wasita = pitoetoer
waskiṭa = awas
watjana = tjĕlaṭoe
wesṭi = pakewoeh
wibi = iboe
widadanipoen = toeloese
wimboeh = woewoeh
winarni = tjinarita
winĕḍarkĕn = diwĕtokake
winoersita = ditoetoerake
wira = prijaji
wiwara = gapoera
woes = wis.

DANDANGGOELA

TAMBAHANE RADEN RANGGA SOERIA NATA LĔGAWA, PATIH ING SOEKABOEMI.

1. Sinarkara panandoering pari, ingkang dadya soengkaweng tyasing wang, dene tani misih akeh, kang nganggo adat koesoer, dahat ngoerit tan arsa ganti, pratikĕl njĕbar arang, dene kang woes wĕroeh, marang paedahe njĕbar, mĕksa doeroeng natrapake kabeh wangsit, kĕrĕp panjĕbarira.
2. Dadi kadya dongenge sang poetri, kang tan bangkit doedoet astanira, ija saking djroning klĕnṭong, djalaran datan ajoen, ngoewalakĕn bĕskwit neng dridji, miwah lir sang pangantyan, kang tan bangkit ladjoe, de kaṇḍapĕn kang gapoera, nganti karja poejĕngan wong sanagari, toemoengkoela woes liwat.
3. Tan lyan iki margeng soen njalini, lajang panoetan ing tĕmboeng Soeṇḍa, Toewan Holle anggitane, nging tan rinĕnggeng kidoeng, moerih ajwa kasaṇḍoeng ḍangding, de karsane djĕng rama, Hoofdpangoeloe Garoet, myang Toewan Holle mitranira, moeng hardjane poelo Djawa kang pinoerih, ngalap amal djariah.
4. Pamoedjine soedjana kakalih, kĕrna Allah eh para mitreng wang, andjoeroengana nijate, ngoengkabi ingkang noetoep, kabeh netranira ki tani, soepadya waskiṭeng tyas, tan dahat sroe bingoeng, nilara adate koena, moerih dadya soegihe ki djoeroe tani, gĕmahe poelo Djawa.

5. Wontĕn widji rĕrambatan ngoeni, katoet widji kopi datĕngira, sing Brasili pinangkane, sĕntrong ing Soenda-nipoen, Senecie Crassus namine Latin, kaboentjang ing maroeta, ing Djawa katawoer, warata ing wana-wasa, moega iki pitoetoer lir sĕntrong ngoeni, mratani noesa Djawa.

LAJANG PANOETAN

ING ATASE

PANJĔBARING PARI ARANG-ARANGAN.

Ing ngĕndi-ĕndi wong tani bongsa Djawa pĕnjĕbare pari meh kaprah kĕkĕrĕpĕn.

Kĕdadeane:

a. gabahe akeh kang ora ṭoekoel, dadi nganggone pari winih loewih akeh saka mĕsṭine.

b. bibit kang ṭoekoel paḍa nglatjir, lĕmboet-lĕmboet lan laranĕn; ojode moeng sĕṭiṭik toer paḍa oewĕl-oewĕlan; wĕkasane jen ditandoer nglilire soewe, apa maneh manake moeng sĕṭiṭik. Anake paḍa mrĕnji, toer roenggeane tjĕnḍĕk-tjĕnḍĕk, malah asring gaboeg babar pisan. Beda sangĕt karo bibit kang sĕgĕr lan koewat; ojode dawa-dawa lan koewat-koewat; jen ditandoer enggal nglilire; manake akeh lan anak-anake paḍa bĕtjike karo ladjĕre (bijoenge), dadi toewane barĕng.

Sĕbab bibite wong tjilik mrĕnji-mrĕnji, ora bisa manak akeh, dadi pĕnandoere dikĕrĕpi; iki djalarane ki djoeroe tani nganggo pari winih loewih akeh tinimbang jen bibite lĕḍoeng-lĕḍoeng.

c. bibit kang laranĕn maoe, sĕbab pĕnjĕbare kĕkĕrĕpĕn, ṭoekoele alon bangĕt, dadi panene kasep $^1/_2$ sasi oetawa loewih, toer tandoerane pari ora bisa ngalahake soekĕt-soekĕt kang toewoeh ana ing saṇḍinge, wĕkasane rĕkasa pĕmatoene.

d. bibit kang laranĕn ikoe, ora tahan kasatan, dene jen kĕbandjiran gampang bangĕt roeboehe; paḍa bae karo

mĕnoengsa, jen nĕmbe lara ja lĕmĕs lan gampang krangkate.

Apa maneh bibit kang laranĕn ikoe, adate diparag ing koetoe-koetoe amaning tandoeran, oetawa gampang diroesak ing koetoe-koetoe maoe.

Kang ikoe dadi *pitoenane* kaja kang kĕsĕboet ing ngisor iki:

a. *Kĕtjorok pari winih,* ing dalĕm sabaoe30 nganti 80 kati.

b. Kĕtjorok gawe, marga woewoeh *rĕkasa pĕmatoene.*

c. *Ṭoekoeling pari ora bisa soeboer.*

d. Tandoerane pari gampang *diparag lan diroesak inga ma-ama.*

e. Parine *ngoewatiri bakal roeboeh;* sĕbab dene pĕnjĕbare lan pĕnandoere kĕkĕrĕpĕn, dadi koerang pangane, drĕmene bandjoer nglatjir lan lĕmĕs, dadi jen ditradjang ing angin oetawa bandjir sĕṭiṭik bae, wis paḍa roeboeh. Wong kang wĕtĕnge ngĕlih oega mĕngkono, jen kĕsenggol sĕṭiṭik bae, wis arĕp ngroeboeh.

f. *Pĕmĕtoene pari koerang saka mĕsṭine.* Doeroeng lawas ing Bantĕn, Bogor, Krawang, Dĕmak lan Pasoeroean wis kajĕkten nganggo sawah pĕtjobakan, jen wong tjilik ing dalĕm sabaoe pitoenane pari rata-rata 20 datjin, moeng djalaran saka pĕnandoere pari ora gĕlĕm nganggo pratikĕl kang prajoga.

Apata toena iki ora mlarati?

g. Kang isih paḍa ngoerit, *toena opah,* sĕbab rĕkasane wong ngoerit ikoe tikĕl akeh karo rĕkasane wong njĕbar.

h. Jen ngoerit, gabah-gabah kang koerang bĕtjik, ora kĕna dipisah, dadi wong tani ora bisa moerih oeṇḍaking roepane pari.

Kabeh kang kĕsĕboet ing ḍoewoer maoe mratelakake, prĕloe bangĕt wong tjilik disoeroepake nganggo tjonto sawah pĕrtjobakan, jen toenane gĕḍe djalaran saka kĕkĕrĕpĕn pĕnjĕbare.

Kang soepaja tjontone bisa dadi panoetaning wong tani, koedoe diatoer kang prajoga, moerih andadia; sĕbab sĕmangsane ora kĕbĕnĕran, malah nambahi wejaning ki djoeroe tani, djalaran dadi woewoeh pĕngandĕle marang adate koena. Jen mĕngkono kĕdadeane, anggoer dinĕngna bae satoemindake ḍewe.

Moelane prĕloe bangĕt wong tjilik dirĕtekake, jen arĕp nandoer pari manoet atoeran anjar, kabeh pitoetoer kang prajoga koedoe ditoeta. Sĕmangsane ana pratikĕl kang ora diĕnggo, tambahing pĕmĕtoe sĕbab manoet atoeran anjar maoe, dadi soeda, malah asring ilang babar pisan.

Apa maneh prĕloe wong tjilik disoeroepake, jen atoeran anjar maoe wis kanjataan prajogane ing ma-ewoe-ewoe sawah pĕrtjobakan, amba lan tjioet, kang wis ditindakake ing sadjrone poeloehan taoen.

Moerih tjontone adja nganti ngapirani, prajogane para prijaji olihe gawe pĕrtjobakan *adja akeh-akeh*, sĕbab jen kakehĕn, rĕkasa pĕmriksane, dadi akeh garapan kang ora katiti; wĕkasane akeh garapan kang loepoet.

Sĕmangsane sawah tjonto kang kawitan, akeh pĕmĕtoene, gampang ing rĕndĕng ngarĕp moewoehi akehing pĕrtjobakan; apa maneh jen wong tjilik wis pada ngroengoe saka kang doewe sawah tjonto maoe, jen oendaking pĕmĕtoene akeh, sĕbab sawahe ditandoeri pari nganggo pratikĕl kang prajoga, tanwande akeh wong kang anoet.

Pari kang kanggo nandoeri sawah tjonto bĕtjike nganggoa pari kang kaprah katandoer ing sawah kono.

Garapane sawah tjonto prajoga kaja loemrahe ing kono; sĕbab jen kaowahan, pĕmĕtoene bandjoer ora kĕna dibanding karo pĕmĕtoening sawah-sawah kang sĕbarane manoet adat koena; djalaran kĕna oega katjeking pĕmĕtoe sĕbab saka garapaning sawah tjonto loewih bĕtjik.

Sĕmono oega arang-kĕrĕping pĕnandoer (longkranging pari) adja dibeda karo kaloemrahane ing kono, sĕbab jen bibite koerang bĕtjik, bandjoer manake moeng sĕtitik, dadi pĕmĕtoene pari koerang; wĕkasane wong tani awang-awangĕn nandoer pari nganggo atoeran anjar. Jen arep gawe pĕrtjobakan nandoer arang prajoga ing sakotak oetawa rong kotak bae, lan poma: pĕnandoere adja nganti *karangĕn.*

Namoeng jen biasane kĕrĕp sangĕt pisan nandoere (4 dim □), bĕtjik diwoedjoek soepaja ing tjobakan diarangi satitik bae, kajata 6 oetawa 8 dim □.

Meh ing ngĕndi-ĕndi wong tjilik ikoe wis matoeh njĕbar kĕkĕrĕpĕn, dadi koedoe nganggo pari winih loewih akeh saka prĕloene. Kang ikoe mĕsti bakal awang-awangĕn njoeda akehing pari winih, djalaran doeroeng ngandĕl jen bibit kang sĕgĕr-sĕgĕr ikoe bakal manak akeh, dadi *dikoerangi parine winih ja ora dadi apa.*

Moelane pĕnjoedane pari winih kang bakal disĕbar ana ing sawah tjonto adja bangĕt-bangĕt, sĕbab ngoewatiri wong kang doewe sawah wĕdi, bibite bakal ora njoekoepi, dadi enggone natrapake pitoetoer kĕlawan groendĕlan. Mongka samoebarang pĕnggawean kang dilakoni kĕlawan mangmang, pĕnggarape ora patia kĕsĕng, dadi gampang kĕliroene.

Nanging prĕloe kadjaga, soepaja pĕnjĕbaring widji arang lan rata, dadi bibite mĕsti bakal loewih lan ki djoeroe tani bakal bisa wĕroeh dewe kĕlawan gĕnah, jen adate ĕnggone ngĕtjeh ĕtjeh pari winih bangĕt akehe.

Prĕloe oega diati-ati, soepaja pĕnjĕbare adja nganti karangĕn; sĕbab jen pĕnggaraping pĕwinihan koerang rĕsik, soekĕte bakal enggal toekoel maneh; mongka jen arang-kĕrĕping pĕnjĕbar *sĕdĕngan*, soekĕt kang toekoel ora bakal akeh.

Jen arĕp ngilangake pĕnggandoeling wong tani marang pratikĕle nandoer pari kang kasĕsoer maoe, kang prĕloe diprĕsoedi disik ja ikoe bab *pĕnjĕbaring gabah kang sĕdĕngan arange.* Jen wong tjilik ĕnggone matrapake pitoetoer kĕliroe, kabĕnĕrna, lan jen ana sawah tjonto kang ora kĕdadean kasoeroepna apa kaloepoetane kang andadekake djalaran soedane pĕmĕtoening pĕrtjobakan maoe.

Sĕmangsane kabeh wong tani wis mitoeroet njĕbar arang lan wis ngandĕl marang prajogane pitoetoering para prijaji, mĕsti bandjoer gampang diprĕdi, soepaja nganggoa panoenggalane atoeran nandoer pari kang prĕloe-prĕloe. Wĕkasane pĕmĕtoening sawah-sawah moendak, andadekake hardjaning wong tjilik lan ajĕme Kandjĕng Goeprĕnĕmen. Jen pĕmĕtoening sawab ora moendak, mĕsti rĕganing pari lan bĕras saja larang, sĕbab djiwaning wong Djawa ora kandĕg woewoehe.

Meh ing kabeh panggonan pěmětoening sawah ora tjoekoep dipangan ing wong tjilik; warta-wartane moeng njoekoepi bae, ora bisa loewih. Mongka sa-iki alas-alas kang kěna digawe sawah wis meh ěntek, dadi prěloe bangět ngoeṇḍakake pěmětoening sawah-sawah kang wis dadi. Apa maneh pratikěle ngoeṇḍakake pěmětoe maoe ora prěloe nganggo wragad akeh lan ora patia angel.

Ing ngisor iki pratikěle wong njěbar arang.

Poelo Djawa kang rong pratělon wis njěbar, ora ngoerit; dadi ing kono prěloene moeng ngoedi bae, wong tjilik moewoehana ambaning pěwinihane. Oeṇḍake ambaning pěwinihan iki bakal ora sěpiraha, sěmangsane wong tjilik wis wěroeh, jen sěbaran arang ikoe moeng koedoe nganggo pari winih sěṭiṭik, bangět katjeke karo sěbaran kang kěrěp.

1. Panggonaning pěwinihan pari ikoe saběn taoen prěloe diělih. Sěmangsane pěwinihan sawah adjěg digawe ing sa-panggonan bae, bibite bakal gěring-gěring, sěbab saka akehing bibit kang ing bijen-bijen ṭoekoel ing kono, dadi gadjihing lěmah wis ěntek.

   Mongka jen bibite mrěnji-mrěnji pěmětoene pari měsṭi bakal koerang.

   Kabeh tilas pěwinihan pěmětoene moeng sěṭiṭik; iki naṇḍakake jen gadjihing lěmahe wis meh ěntek babar pisan.

   Sěmangsane wong tani ora bisa ngělih panggonaning pěwinihane, sěbab bakal ngoewatiri kěkoerangan banjoe ilen, koṭak kang bakal kanggo prajoga diraboek (dilěmeni), nanging raboeke adja akeh-akeh.

   Raboeke koedoe ditjampoer karo lěmahe, sasasi oetawa rong sasi sadoeroenge njěbar.

   Raboek ikoe oega bětjik kanggo ing kabeh pěwinihan kang gaṭak (tjěngkar), sěbab lěmahe koedoe makani sakehing bibit.

Apa maneh koṭakane kang diraboek bakal moeṇḍak pĕmĕtoene.

2. Pĕnggaraping pĕwinihan koedoe djĕro (1 kaki) lan dilĕti sawĕtara dina karo pĕnjĕbare, soepaja lĕmahe bisa ajĕm. Soekĕte (roeroengkoedane) koedoe diblĕsĕkake ing ĕṇḍoet (loempoer) lan koedoe wis paḍa bosok jen gabahe disĕbar.

Pitoetoer iki isih akeh kang doeroeng gĕlĕm nglakoni. Pĕnggarape pĕwinihan didadak bae, dadi soekĕte isih paḍa idjo-idjo, kang kĕpĕṇḍĕm ora ana sĕparo. Iki djalarane lĕmahing pĕwinihan dadi soemoek (panas) lan bibite diparag ing lĕlara; woewoeh-woewoeh soekĕte paḍa enggal ṭoekoel maneh, dadi ngroesoehi toewoehing bibit.

3. Sawĕtara dina sadoeroenge disebari, pĕwinihane koedoe dipara-para (didjangĕt-djangĕt) nganggo got (galĕran), kang ambane 1 kaki lan djĕrone $^1/_2$ kaki, dadi beḍengan (petakan) kang ambane 4 kaki. Moerihe pĕwinihan dipara-para dadi beḍengan, soepaja wong kang njĕbar bisa loemakoe ing got, dadi ora ngidĕk kang bakal disĕbari; sĕbab tĕpak sikil ikoe banjoene djĕro, dadi sĕmangsane gabah tiba ing kono, bandjoer kĕsilĕp ora bisa ṭoekoel.

Beḍengane adja nganti brongkalan oetawa mĕṇḍak-mĕṇḍoekoel. Ĕndoete koedoe kang sĕḍĕngan, ora kĕna kakasĕn oetawa kĕlĕmĕsĕn; kang dipoerih gabahe adja nganti amblĕs ing ĕṇḍoet, koedoe krakĕt karo lĕmahe.

Sĕmangsane beḍengane arĕp disĕbari, koedoe diratakake disik nganggo kajoe oetawa pring kang lĕntjĕng lan gilig.

Jen parine winih doeroeng kĕna ditibakake, pĕwinihane koedoe di-ileni banjoe, soepaja ĕṇḍoete adja nganti garing.

4. Jen milih koṭakan kang bakal kanggo pĕwinihan, adja milih kang katĕnggĕl ing kalen, sĕbab ngoewatiri ing

wĕktoe bandjir, banjoening kalen ngloeberi pĕwinihan nganti ngroesakake bibit; prajogane galĕngan kang ana ing sanding kalen didoewoerake lan diambakake, soepaja koewat ngadangi bandjir.

Pĕngĕlĕbe lan pĕngĕsating pĕwinihan prajoga diatoer sarana nganggo boemboeng (tjrowokan) kang dawane sa-ros oetawa karotĕngah ros, dipĕndĕma ana ing galĕngan.

5. Parine winih koedoe milih kang toewa tĕmĕnan lan kang doeroeng mati ana ing simpĕnan, sĕbab ora asring-asring diangin-anginake.

Jen sawahe nĕmbe kĕna ing ama mĕntĕk, prĕloe bangĕt nĕkakake widji saka ing sedje panggonan. Sĕmangsane nganggo gabah saka ing sawah kono, ngoewatiri tandoerane pari bakal diparag ing ama mĕntek maneh, sĕbab widjining djamoer oepas kang andadekake djalaraning ama maoe, mĕstine isih nempel ana ing parine. ([1])

6. Pĕngarahing gabah soepaja oetjoel saka ing roenggeane ikoe sarana nganggo di-ngik; kĕna oega roenggeane dikĕroki nganggo pring oetawa batok kang digawe ngoentoe-walang.

Nanging kang prajoga dewe sabĕn-sabĕn andjoekoek roenggean sagĕgĕm (sagoetjĕngan), bandjoer disabĕt-sabĕtake ing pring glondongan. Ngisoring pring didekeki irig oetawa tampah kanggo nadahi gabah kang tiba.

Gabah-gabah kang tiba disik dewe dianggo gawe bibit, *sĕbab ikoe kang toewa-toewa lan moeloes-moeloes;* sedjene

---

([1]) Damining sawah kang nĕmbe kĕna ing ama mĕntek ikoe, prĕloe diobong. Kang nĕmbe diparag ing walang sangit (lĕmbing) oega koedoe diobong, sĕbab walang sangit ikoe ngĕndog ana ing sadjroning drĕmen. Ien ĕndoge wis mĕtjah dadi oelĕr; oelĕre bandjoer ngroesakake tandoeran, toer ĕngkone pada dadi walang sangit maneh.

Bok mĕnawa oelĕr kang kĕdadeane saka ĕndoging walang sangit ikoe, kang andadekake djalaraning ama bĕloek.

ja ikoe kang angel oewale saka ing roenggean, prajoga diliwĕt bae.

Jen parine winih bĕtjik, meh kĕna dipĕsṭekake tandoerane pari bakal lĕḍoeng-lĕḍoeng, apa maneh roepaning pari saja lawas bakal saja loewih prajoga.

7. Sa-oewise mĕngkono gabahe bandjoer ditapeni kanggo misah kabeh widji kang gaboeg, bandjoer di-intĕri soepaja gabah-gabah kang enṭeng pada misah. Iki gabah kang enṭeng-enṭeng oega prajoga diliwĕt bae.

8. Gabahe bandjoer dilĕbokake ing krandjang, dikoem ing banjoe kang mili sadjrone 2 oetawa 5 dina, adja loewih.

Jen gabahe wis paḍa djĕmaloe oetawa wis meh mĕtoe djaloene, bandjoer kĕna disĕbar.

Paedahe dikoem nganti djĕmaloe disik, soepaja enggal mĕtoe ojode, dadi ing sadjroning sawĕtara dina sa-oewise disĕbarake bisa njokot lĕmah bandjoer mĕtoe goḍonge; apa maneh manoek-manoek dadi enggal ora dojan.

Jen pĕngĕkoeming gabah kĕsoewen, djaloene lan ojode bandjoer dadi kĕdawan; mongka djaloene lan ojoding gabah ikoe bangĕt ringkihe, dadi jen disĕbarake ngoewatiri bakal roesak.

9. Sadoeroenge ditibakake gabahe di-ĕntas saka ing banjoe, bandjoer ditoentasake sawĕtara djam soewene; moerihe gabah ditoentasake, soepaja gampanga pĕnjĕbare.

Nanging poma gabah maoe adja di-ĕpe, nganti garing babar pisan, sĕbab ngowatiri bakal koemambang ing banjoe, bandjoer kentir.

10. Sadoeroenge njĕbar prajoga oega, gabahe ditjampoer karo awoe ḍisik, soepaja sidji-sidjining gabah kĕboentĕla ing awoe; moerihe diawoni ngĕdohake koetoe-koetoe lan nambahi soeboering bibit.

Jen ki djoeroe tani ngrasa kangelan nglakoni pitoetoer

iki, kĕna oega bedengane sa-oewise kasĕbaran diwoe-woeri awoe kang tipis bae.

11. Wong kang nĕmbe njĕbar sapisan ikoe, ora bisa ngira-ira apa pĕnjĕbare wis tjoekoep arange apa isih kĕkĕrĕpen, dadi bĕtjik nganggo takĕran piti tjĕting oetawa boemboeng, kang isi *gabah tĕlĕs* 1 ½ kati (adja 1 ½ kati gabah garing).

    Gabah tĕlĕs kang bobote 1 ½ kati maoe tjoekoep kanggo njĕbari pĕwinihan 1 tjĕngkal pĕsagi.

    Wong kang bakal njĕbar diwenehana tjonto disik ing 2 oetawa tĕloeng bedengan soepaja wĕroeh pratikĕle lan diprentahana, pĕnjĕbare kang arang bae disik; mĕngko loewihane gabah kanggo moewoehi ing panggonan kang isih karangĕn (boetak).

    Jen diprĕsoedi wong tjilik pĕnjĕbare mĕsti enggal bisa lĕmĕs lan rata sakal, dadi enggal rampoenge.

    Jen sandinge kono ana desa kang wis adate njĕbar sĕlawase, wong-wong kang pada doeroeng taoe njĕbar bĕtjik diadjak andĕlĕngake patraping pĕnjĕbare wong ing desa maoe, soepaja enggal bisa niroe.

    Wong 2 bae bisa njĕbarake 40 oetawa 50 kati gabah ing sadjrone 3 djam. Mongka jen parine winih bobot 40 oetawa 50 kati ambane pĕwinihan mĕsti 27 oetawa 35 tjĕngkal pĕsagi, tjoekoep kanggo bibitane sawah sabaoe.

12. Pĕwinihan kang nĕmbe disĕbari ikoe, koedoe enggal di-ĕlĕb nganti gabahe kĕsilĕp ing banjoe, rong strip oetawa tĕloeng strip (millimeter) djĕrone.

    Ing sadjrone patang dina pĕwinihan maoe jen awan koedoe di-ĕlĕb, jen wĕngi disat.

13. Bibit kang pĕnjĕbare arang ikoe, pĕngisĕpe gadjihing lĕmah hangĕt rosane, apa maneh tĕnggar, dadi *enggal gĕde lan ojode lĕdoeng-lĕdoeng.*

    Moelane prĕloe didjaga bibit maoe adja nganti kĕlawa-

sĕn ana ing pĕwinihan, sĕbab ngoewatiri bakal rĕkasa pĕndaoete lan bakal dadi kĕgĕden. (1)

Tĕtĕngĕre bibit wis kĕna didaoet, jen ing kiwatĕngĕn wis meh mĕtoe anake, ja ikoe ing tanah are (ampah) jen wis oemoer 35 dina, ing tanah pĕgoenoengan oemoer 45 oetawa 50 dina.

Jen ora prĕloe-prĕloe bangĕt pĕnandoering bibit adja nganti lawas satĕngah sasi oetawa loewih, kaja kang wis kĕrĕp kĕlakon.

14. Moerih ki djoeroe tani adja nganti *kĕpĕksa nglawasake bibite,* pĕwinihane adja giri disebari jen sawahe doeroeng dibroedjoel oetawa doeroeng dipatjoeli sĕpisan; sĕmono ikoe jen banjoene ilen ora bakal ngapirani. Ana dene jen banjoene ngoewatiri bakal ngapirani oetawa ana sĕbab sedje kang prĕloe, kĕna oega pĕnjĕbare didisikake, nanging mĕksa bĕtjik ngĕnteni tĕkaning oedan.

Mangsane panen adja koewatir, ora bakal kasep, sĕbab pari kang prajoga pĕnandoere ikoe, ana ing pĕwinihan enggal gĕde, jen wis ditandoer ja soeboer, dadi panene loewih enggal, tinimbang karo pari kang disĕbar lan ditandoer tjara koena.

Apa maneh pĕmĕtoene mĕsti woewoeh akeh; sedje karo pari kang bibite *kĕkĕrĕpĕn pĕnjĕbare* lan *kĕtoewan ana ing pĕwinihan,* kasepe nganti sasasi; woewoeh-woewoeh bandjoer ditandoer ana ing sawah kang garapane *kĕdadak,* sĕbab bibite kĕsoesoe kĕtoewan.

15. Sawĕneh wong tjilik ana kang anggrĕsak, jen njĕbar arang pĕwinihane dadi tambah amba. Odjel mĕngkono ikoe gampang pĕmbantahe:

Sĕpisan: sawah kang kanggo pĕwinihan ikoe besoek ja koedoe digarap.

---

(1) Ana kang ngalĕm, bibit kang disĕbar kĕrĕp ikoe, ojode moeng sĕtitik dadi gampang dinaoet, nanging paedah iki bangĕt ora timbange karo alaning kĕdadeane, kaja kang wis kĕsĕboet ing kawitan (bab *a* tĕkan *f*).

Kaping pindone: jen wong tani wis nganggo pratikĕl nandoer pari kang prajoga, parine winih moeng sĕtitik. tinimbang karo jen kĕrĕp pĕnjebare; dadi ambaning pĕwinehan mseng prĕloe tambah sĕtitik. Woewoehing rĕkasane djalaran saka oendake ambaning pĕwinihan, kĕsilĕp babar pisan dening batine sĕbab parine winih soeda akeh, lan opahe njĕbar moeng sĕtitik tinimbang karo opahe ngoerit. Apa maneh pĕmĕtoene lan roepaning wos moendak akeh, nganti sapara sapoeloeh (10%); mongka iki kang prĕloe dewe.

16. Ing sawĕneh panggonan pĕnĕmoene wong tjilik sawah-sawah ing tanah are kĕna disĕbari, nanging sawah-sawah ing tanah pĕgoenoengan ora kĕna, sĕbab kakehĕn oedane.

Iki pĕnĕmoe kĕliroe; tandane ing tanah Prijangan sawah-sawah ing pĕgoenoengan kang sanjata, kang doewoere nganti 3500 kaki saka ing laoet (sĕgara), sabĕn taoen ditandoeri nganggo bibit sĕbaran, wis loewih saka 20 taoen lawase; wĕtoening pari bĕtjik bae.

Pantjen kang kĕrĕp ana oedan gĕde ikoe ing tanah are, ing pĕgoenoengan oedane bĕnĕr kĕrĕp, nanging ora patia dĕrĕs, sĕbab mega-mega kang simpĕn oedan, jen kĕna ing hawa adĕm enggal nibakake oedane.

17. Pertjobakane sawah Bopati Serang (paresidenan Bantĕn) ana ing desa Sĕmpoe, kang kĕsĕboet ing ngisor iki, nandakake bĕnĕre pitoetoer bab *a* lan *b* ing kawitaning lajang panoetan iki.

Wong tjilik ing afdeeling Serang loemrahe ngoerit oetawa njĕbar. Jen ngoerit parine winih ing dalĕm satjĕngkal pĕsagi koerang loewih bobot 8 kati, jen njĕbar 5 kati loewih sĕtitik.

Bopati Serang gawe pĕrtjobakan ing tĕloeng panggonan sadjrone desa ikoe. Akehing gabah kang kanggo

ing sawi djiwidjining sawah pĕrtjobakan digawe pada, ja ikoe $13^1/_2$ kati.

Ing pĕrtjobakan *a* pĕnganggone pari winih ing dalĕm satjĕngkal pĕsagi $1^1/_2$ kati gabah, ing pĕrtjobakan *b* $5^8/_{11}$ kati gabah, ing pĕrtjobakan *c* 8 kati roenggean.

Ing ngisor iki kĕdadeane:

Pĕrtjobakan.	Bobote gabah kanggo ing dalĕm pĕwinihan satjĕngkal pĕsagi (kati).	Tjatjahing bawonan (bawangan) bibit.	Ambaning sawah kang kĕtandoeran (□ Roe).	Pĕmĕtoene pari.		
				kati tĕlĕs.	dadi ing dalĕm satjĕngkal pĕsagi (kati).	oetawa ing dalĕm sa-baoe (datjin).
a.	$1^1/_2$	99	$144^1/_2$	1724	12	60
b.	$5^8/_{11}$	43	$73^1/_2$	735	10	50
c.	8	29	68	$477^1/_2$	7	35 (¹)

Ing desa Panggoengdjati oega nĕmbe gawe pĕrtjobakan mempĕr kaja kang kĕsĕboet ing doewoer maoe, lan bibite diwilang.

Ing sawidji-widjining sawah pĕrtjobakan nganggo pari winih bobot $12^1/_2$ kati.

Kĕdadeane kaja kĕsĕboet ing ngisor iki:

(¹) Dadi wong kang nandoer pari nganggo pratikĕl kang kannggo ing pĕrtjobakan *c* (ngoerit), angoer toena pari 25 datjin tinimbang ngambakake pĕwinihane sawĕtara, oetawa anggoer kelangan *f* 50.— tinimbang ngĕtokake *f* 1.— kanggo opah anggĕdekake pĕwinihane; malah jen gĕlĕm ngambakake pĕwinihane soedaning gabah widji ana rĕga *f* 1.—, dadi pĕrsasat ora kelangan apa-apa.

Pěrtjobakan.	Bobote gabah kanggo ing dalěm pěwinihan satjěngkal pěsagi (kati).	Tjatjahing bawonan (bawangan) bibit.	Tjatjahing bibit (lěr).	Dadi katjek karo *a*.	Tjatjahing bibit kang kědadean saka gabah sakati (lěr).	Ing dalěm pari winih sakati katandoerake ing sawah (□ Roe).
a.	1½	64	141.120	—	11.289	8.3
b.	5	54	136.350	4.770	10.908	6.5
c.	8	52	127.400	13.720	10.192	4.6

Dadi jen sawah sabaoe ditandoeri kaja dene pěrtjobakan *a* koedoe nganggo gabah bobot 61 kati, jen kaja *b* 77 kati, jen kaja *c* 108 kati.

Meh ing ngěndi-ěndi (doeroeng lawas iki ing Lěbak) wis kajěkten, jen bibite sěgěr-segěr lan lědoeng-lědoeng, bandjoer katandoer nganggo longkrang 8 dim pěsagi lan sa-tjěblekan nganggo rong lěr oetawa těloeng lěr, pari winih bobot 40 kati bae wis tjoekoep kanggo nandoeri sawah sabaoe.

Jen longkrange lan akehing bibit sa-tjěblokan digawe pada kaja kang kěsěboet ing doewoer maoe (8 dim pěsagi lan 2 oetawa 3 lěr sa-tjěblokan) sawah pěrtjobakan *b* dadi městi nganggo gabah bobot 51 kati, pěrtjobakan *c* 72 kati. Nanging sarehne bibite mrěnji-mrěnji, ing dalěm sa-tjěblokan bibite městi loewih saka 2 oetawa 3 lěr, dadi 51 kati gabah kanggo pěrtjobakan *b* lan 72 kati kanggo *c* bakal ora njoekoepi.

Jen gawe sawah pěrtjobakan prajoga diwilang gabah sakati dadine bibit pira, lan kěna digawe nandoeri sawah pirang tjěngkal pěsagi.

Kang ikoe sa-iki wis kajěktěn maneh, dening sawah pěrtjobakan ing Serang, běněre pitoetoer kang wis kaping pira bae kawoelangake, kaja kang kěsěboet ing ngisor iki:

Saja kěrěp pěnjěbare, saja sětitik toekoeling bibit, lan kang toekoel pada mrěnji, nglatjir toer laraněn; kabeh iki djalarane saka lopoete ki djoeroe tani dewe!

18. Sawěneh wong tani isih ana kang ora nganděl, jen gabahe disěbar doeroeng mangsane, bibite bakal kělawasěn ana ing pěwinihan; ora wěroeha jen djalarane adat kang koesoer maoe, saka prentahe para prijaji djaman bijen, lagi isi hana tandoeran těboe, tom lan bako Goeprěmen.

Kala sěmono sawah-sawah koedoe enggal dipaneni, soepaja kěnaha ditandoeri těboe, tom oetawa bako; sarehne para prijaji wědi, bakal tompa doeka jen pěnandoering těboe, tom oetawa bako nganti kasep, dadi pada mrentahake kělawan kěntjěng soepaja wong tjilik enggala nibakake bibite; wěkasane pěnjěbare *kěliroe ing mangsane.*

Malah ing tanah Prijangan kala ing taoen 1848 kabeh wong kang ora gělěm noesoe-noesoe pěnjěbare disapoe; wong toewa-toewa djaman sa-iki isih akeh kang měroehi pěnjapoene.

Kala sěmono ora ana kang mikir jen:

Sěpisan: sawahe wong tjilik akeh kang ora kaolah, sěbab pěnggawean něgara kabotěn.

Kaping pindone: Prentah njěbar enggal-enggal ikoe kang andadekake djalarane pěnggaraping sawah-sawah didadak, oetawa kětoewan pěnandoering bibit, malah bibite asring mati sěbab kěkoerangan oedan, dadi asring koedoe njalini nganti kaping těloe.

Sa-ikine ing ngěndi-ěndi pěnggawean něgara wis enteng.

Moelane ing tanah Prijangan sa-iki bisa kaprah pěnjěbaring pari winih ngěnteni nganti sawahe wis dibroedjoel oetawa dipatjoeli sěpisan, kanggo ing sawah-sawah kang bisa oleh banjoe ilen; anadene ing sawah tadah oedan (tadahan) pěnjěbare jen sawahe wis awit kěna digarap, ja ikoe jen bajoene wis njoekoepi.

Wong tjilik ing tanah Prijangan sa-iki wis pada wěroeh

jen bibit kang pěnjěbare arang ikoe bangět ora kěnane ditandoer nganti oemoer 60, 70 oetawa 100 dina; sěbab bibite bakal dadi kěgěḍen, wěkasan rěkasa pěndaoete. Apa maneh kabeh wis paḍa wéroeh, jen pěnjěbare ngěnteni mongsa kang bětjik, panene ora bakal kasep, sěbab bibite enggal gěḍe lan ora laraněn, dadine pari oega soeboer, dadi enggal panen.

Soeprandene isih ana wong tani, kang tjoepět boedine. ora gělěm nganggo pratikěl anjar; tjělaṭoene: „Pamoerihkoe njěbar kěrěp, soepaja nganti adja rěkasa pěnḍaoetkoe, sěnadjan nganti pirang dina bae oemoering bibitkoe."

Měsṭi bae bibit kang sěṭiṭik ojode bakal gampang pěnḍaoete; nanging pak Kěbloek ora mikir babar pisan, jen bibit kang sol-solan lan toempoek-toempoekan ana ing pěwinihan, saja toewa saja mrěnji, nganti akeh kang mati ing kono; jen ditandoer soewe bangět pěnglilire lan koedoe ngětokake ojod maneh; apa maneh manake sěṭiṭik dadi koerang bangět pěmětoene.

Dadi Pak Kěbloek gělěm njongga kabeh pitoena kang kěsěboet ing ḍoewoer maoe, moeng moerih adja kangelan pěnḍdaoete. Mongka: *jen pěnjěbare ngěnteni mongsa kang bětjik, pěnḍaoete ora bakal kangelan,* toer bibite dadi ora ngoewatiri bakal mati sěbab kěkoerangan banjoe, dadi ora bakal njalini.

19. Malah sawěneh wong tani ana kang ngarani, jen kang andadekake alanganing pěnjěbar arang kang gěḍe dewe jen ikoe soeboering bibit, dadi jen ditandoer měsṭi wis kěgěḍen; ora ngrasa jen djalarane bibit dadi kěgěḍen maoe, moeng saka tingkahe ḍewe.

Oepamane:

Wong loro ing desa Saptarěngga ditimbali ngaḍěp landrat ing něgara, djam 9 esoek soepaja wis sěḍija ing kantor pělandratan.

Kang sidji (Pak Oerit) loemakoe bae; saka Saptarěngga tekan ing něgara lakon 2 djam. Wong kang sidjine (Pak Sěbar) soegih, bisa nganggo glinḍing, dadi ing sadjrone 1 djam bae těkan ing něgara.

Kĕprije pratikĕle moerih wong loro maoe tĕkane in nĕgara barĕng, djam 9?

Wangsoelane gampang bae:

Pak Oerit koedoe pangkat djam 7 esoek, Pak Sĕbar djam 8.

Iki oepama moega kapatrapake ing pratikĕl njĕbar arang; pada bae karo dongenge pĕnganten, kang ora bisa liwat, sĕbab makoeṭane soendoel ing gapoera.

„Bok ija mĕndĕka sĕṭiṭik bae ta, mĕsṭi gampang liwate!"

20. Sawah pĕtjobakan ing desa Kĕrtarĕdja (afdeeling Djombang, paresidenan Soerabaja), kang kĕsĕboet ing staat ngisor iki, mratelakake kĕlawan gĕnah, jen bibit, kang ditandoer kĕlawasĕn, gĕḍene alon bangĕt tinimbang karo bibit kang kĕbĕnĕran pĕnandoere, ora kasep.

Sawah pĕrtjobakan maoe dipara dadi limang koṭakan: *a*, *b*, *c*, *d* lan *e*.

Koṭakan *a*, *b*, *c* lan *d* ditandoeri nganggo bibit sĕbaran arang, koṭakan *e* nganggo bibit kang disĕbar kaja loemrahe ing kono.

Oemoere bibiting koṭakan *b*, *c* lan *d* digawe beda-beda; ana dene bibite koṭakan *e* ditandoer oemoer 51 dina, ja ikoe nom-nome bibit ing desa kono.

Oendake gĕḍening tandoeran ditjatĕṭi.

Kĕdadeane:

„Kang soeboer ḍewe pari kang bibite ditandoer oemoer 35 dina (*a*), saja lawas oemoering bibit, saja alon oendake gĕḍening pari. Dene kang gĕḍene alon ḍewe ja ikoe parining koṭakan *e*; djalarane:

Sĕpisan: pĕnjĕbare kĕrĕp.

Kaping pindone: pĕnandoere kasep."

Kang pĕmĕtoene pari akeh dewe koṭakan *a*, kang sĕṭiṭik ḍewe kotakan *e*, katjeke 6 nganti 8 datjin.

Dadi sa-iki wis kajĕkten maneh pitoenane ki djoeroe tani djalaran saka pĕnjĕbare *kĕkĕrĕpĕn* lan *kĕsoesoe*, ora ngĕnteni mongsa kang bĕtjik.

Moega-moega iki toelaḍa maḍangna pandĕlĕngane kabeh wong tani!

TANDOERANE.	Bibit pĕrtjobakan								Bibit desa	
	a 35 dina		*b* 40 dina		*c* 45 dina		*d* 50 dina		*e* 51 dina	
	Tanggal	oemoering tandoeran	Tanggal	oemoering tandoeran	Tanggal	oemoering tandoeran	Tanggal	oemoering tandoeran	Tanggal	oemoering tandoeran
1 Disĕbar..........	7/1	—	7/1	—	7/1	—	7/1	—	20/12	—
2 Awit ṭoekoel (mlĕṭek)	9/1	2	9/1	2	9/1	2	9/1	2	23/12	3
3 Kĕmĕdom.........	11/1	4	11/1	4	11/1	4	11/1	4	29/12	9
4 Soemoembi.......	16/1	9	16/1	9	16/1	9	16/1	9	5/1	16
5 Soemingkal........	29/1	22	29/1	22	29/1	22	29/1	22	27/1	29
6 Tandoer..........	10/2	35	18/2	40	21/2	45	25/2	50	8/2	51
7 Nglilir...........	2/3	55	5/3	57	10/3	63	12/3	65	25/2	68
8 Awit manak	10/3	63	15/3	67	25/3	78	23/5	76	10/3	81
9 Goemĕṇḍo........	25/3	78	2/4	85	10/4	94	7/4	91	27/3	99
10 Mapak anak	10/4	94	18/4	101	25/4	109	25/4	109	12/4	116
11 Awit mĕtĕng......	25/4	109	28/4	111	5/5	119	10/5	124	20/4	125
12 Mĕtoe widjine (mlĕntjati)..........	7/5	121	9/5	122	18/5	132	23/5	137	28/4	134
13 Mĕrkatak ,........	29/5	134	25/5	138	20/5	141	3/6	147	10/5	147
14 Toemoengkoel.....	27/5	141	1/6	145	3/6	149	6/6	151	29/5	158
Beda lan *a*. (dina)..	—	—	—	4	—	8	—	10	—	17

21. Sarining kĕmbang pari (kang roepane kaja glĕpoeng) jen kĕna ing oedan dĕrĕs oetawa angin gĕḍe, akeh kang ora bisa dadi widji sĕbab katoet. Moelane tandoeran pari ikoe, *saja enggal mratake, saja enggal marine ngoewatiri bakal ora mĕtoe djalaran saka kĕtradjang ing oedan dĕrĕs oetawa angin gĕḍe.*

Apa maneh walang sangit ikoe moeng bisa noetjoep isining gabah jen isih roepa poewan; jen isiniug gabah maoe wis atos, ora bakal kĕna dimongsa ing walang sangit. Moelane pari ikoe *saja enggal dadine kĕmĕmping, saja enggal marine ngoewatiri bakal gaboeg djalaran saka diparag ing walang sangit.*

ASMARANDANA

(SAMBOENGAN).

1. Kasmaran ing tyas sajĕkti, doepi soen matja panoetan, Toewan Holle anggitane, woewoeh pangoengoening drija, dene sawĕneh ana, wong tani kang misih bingoeng, datan wroeh adat prajoga.
2. Akeh misih tan oedani, jen djalaranira loewas, bibit pari panandoere, moeng saking panjĕbarira, datan ngĕnteni mongsa, ing ngoeni prentah sing ḍoewoer, mangkya dadi adat desa.
3. Witing prentah kaṭah sabin, sabĕn taoen tinanĕman, djĕng Goeprĕmen tandoerane, tĕboe tom kĕlawan sata, dadya para poenggawa, sing djrih kasep panenipoen, ḍawoeh njĕbar salah mongsa.
4. Malah ing Prijangan ngoeni, taoen Wlonda kawan dasa, woloeng warsa poepoendjoele, sapa tan arsenggal njĕbar, sinapoe bakongira, misih akeh ingkang emoet, wong toewa djaman samangkya.
5. Ngoeni datan ana mikir, jen prentah iki kang dadya, kabeh ala djalarane, tan matĕng garapan sawah, wit sing kakehan karja, wong tani sadajanipoen, beda lan djaman poenika.
6. Dadi pra prijaji ngoeni, mĕksa kabeh wong tjiliknja, dadak garapan sawahe, oetawa jen datan arsa, noesoenoesoe karjanja, wong tjilik pinĕksa tandoer, nganggo bibit kang katoewan.
7. Iki oega djalaraning, bibit mati ing bibitan, sing oedan bangĕt koerange, dadi kaki tani samya, njalini bibitnja, ping piṇḍo nganti ping tĕloe, dadya kamlaratanira.

DE VRIEND VAN DEN LANDMAN

(JAVAANSCHE TEKST).

DEEL VII.

(GOUVERNEMENTS BESLUIT 6 SEPTEMBER 1893 N°. 20).

BATAVIA
LANDSDRUKKERIJ
1893.